

BAB III

METODÉ PANALUNGTIKAN

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif. Nurutkeun Ratna (dina Dwiyanandi jeung Suherman, 2019, kc. 206) métode déskriptif nyaéta métode panalungtikan kalawan ngadésktipsikeun fakta-fakta sumber data, tahap saterusna nya éta nganalisis. Lian ti éta, Asyafah (2020, kc. 231) nyebutkeun métode déskriptif é mang geus jadi métode nu umum dipaké dina panalungtikan. Luyu jeung pamadeganna, Asyafah (2020, kc. 231) nétélakeun métode déskriptif nyaéta métode panalungtikan nu dipaké pikeun ngagambarkeun, nétélakeun jeung ngajawab rumusan masalah nu keur lumangsung.

3.1 Désain Panalungtikan

Panalungtikan ieu digunakeun pikeun diajar ngeunaan implementasi ngagunakeun Arab Pégon salaku Média Pangajaran Bab kalam di Pondok Pasantren Al Barokah nyaéta kualitatif.

Nurutkeun Moleong (2004, kc. 10), panalungtik miboga tinimbangan kahiji kualitatif leuwih babari nalika pahareup-hareup jeung kanyataan jama. Kadua, ngayakeun sacara langsung hakékat patalina antara panalungtik jeung réspodén. Katilu, leuwih surti jeung bisa adaptasi ku cara loba ngasah pangaruh babarengan kana pola-pola nu disinghareupan. Desain panalungtikan ngawengku ieu di handap.

- a. Ngarumuskeun Masalah
- b. Nangtukeun Informasi(Sumber Data)
- c. Ngumpulkeun Data
- d. Ngolah Data
- e. Nyieun Kacindekan

3.2 Sumber Data

Nurutkeun Arikunto (2002, kc. 107), sumber data dina panalungtikan nyaéta subjék ti mana data bisa dicokot. Anapon sumber data dina ieu panalungtikan ieu dihandap.

a. Sumber Data Primér

Sumber data primér mangrupa sumber data sacara langsung ti informan di lapangan nyaéta ngaliwatan wawancara (indepth interview) jeung obsérvasi. Patali jeung ieu hal, wawancara dilaksanakeun ka guru bab kalam sarta santri di Pondok Pasantrén Al Barokah. Sumber data primer dina ieu panalungtikan nyaéta santri Pasantrén Al Barokah.

b. Sumber Data Sékunder

Sumber data sékunder mangrupa sumber data sacara teu langsung ti informan di lapangan, saperti dokumén. Dokumén éta bisa mangrupa buku-buku jeung literature lianna nu patali jeung masalah nu keur ditaungtik. Data sékunder nu digunakeun ku panalungtik dina ieu panalungtikan mangrupa dokumén Pasantrén Pondok Pasantrén Al Barokah. Sumber data sékunder dina ieu panalungtikan nyaéta kitab bab kalam.

3.3 Lokasi Panalungtikan

Lokasi nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta Pondok Pasantrén Al Barokah. Pasantrén Al-Barokah mangrupa pasantrén nu aya di Kampung Cilandak, RT. 004 RW 005, Kelurahan Sukarasa, Kecamatan Sukasari, Kota Bandung. Ieu pasantrén téh beulah kidul diwatesan ku Kampung Babakan, beulah kalér diwatesan ku Kampung Geger Kalong, beulah kulon diwatesan ku Kampung Cijerokaso, jeung beulah wétan diwatesan ku Perumahan Sétra Murni. Dipilihna éta lokasi lantaran panalungtikan ieu can pernah dilaksanakeun di Pondok Pasantrén Al Barokah.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan, sangkan ngahasilkeun data nu nyugemakeun, ngagunakeun sababaraha instrumén nyaéta ieu di handap.

3.4.1 Format obsérvasi

Fomat observasi digunakeun pikeun ngumpulkeun data nalika panalungtik ka lapangan. Ieu di handap mangrupa tabél format observasi.

Tabel 3. 1 Format Observasi

No.	Waktu	Tempat	Kegiatan	Narasumber

3.4.2 Padika wawancara

Padika wawancara dina ieu padoman mangrupa runtuyan patalékan nu baris diajukeun ka narasumber sangkan meunang informasi atawa data.

Tabel 3. 2 Padika Wawancara

No.	Daptar Patalékan
1.	Kumaha pangajaran di Pondok Pasantrén Al Barokah Kota Bandung?
2.	Kumaha ngeunaan alokasi waktuna dina pangajaran éta?
3.	Kumaha dina ngalaksanakeun proses pangajaranna?
4.	Kumaha implementasi nulis Arab Pégon salaku media pangajaran di Pondok Pasantrén Al Barokah Kota Bandung?

Anapon Panganteur dina ngalaksanakeun wawancara ka narasumber nyaéta,

- a. Méré salam jeung ucapan hatur nuhun ka réspodén sabab geus bisa ngaluangkeun waktuna pikeun méré informasi.
- b. Ngawanohkeun diri ku cara nyebutkeun ngaran jeung asal.
- c. Ngainformasikeun yén wawancara jeung angkét lumangsung singget kurang leuwih 60 menit.
- d. Ngajelaskeun tujuan wawancara jeung kuisisionér.

Anapon anu jadi Prosedur pikeun ngalaksanakeun wawancara,

- a. Ménta widi ka réspóndén pikeun ngalakukeun wawancara jeung nyokot data ngaliwatan kuisiónér.
- b. Ménta réspóndén méré sawangan positif atawa négatif.
- c. Ngajelaskeun yén wawancara dirékam ku cara rékorder.
- d. Ngajelaskeun yén hasil wawancara jeung angkét pikeun panalungtikan hungkul.

Upama wawancara geus dilaksanakeun, kagiatan anu satuluyna nyaéta nyieun kacindekan jeung panutup anu kagiatanna dihanadap ieu.

- a. Ngawawancara nyieun tingkesan hasil wawancara jeung ngolah data ngagunakeun tabulasi data pikeun ngumpulkeun data ngaliwatan kuisiónér.
- b. Nanyakeun ka réspóndén naha aya kénéh nu rék ditepikeun pikeun ditambahkeun.
- c. Ngucapkeun salam jeung hatur muhun ka réspóndén ngeunaan informasi nu ditepikeun jeung ménta hampura bisi aya kasalahan.

3.4.3 Dokuméntasi

Alat nu digunakeun pikeun ngalaksanakeun dokuméntasi nyaéta kaméra, digunakeun pikeun ngadokuméntasikeun hasil tulisan aksara pégon, tempat panalungtikan, jeung narasumber nu diwawancara sarta alat pikeun ngarékam, nu digunakeun pikeun ngarékam wawancara jeung narasumber dina prosés ngumpulkeun data.

3.4.4 Angkét

Angkét dibagikeun ka partisipan atawa informan, tuluy diperedih pikeun ngeusian tina daftar anu geus disiapkeun. Anapon patalékan-patalékan anu aya dina angkétna nyaéta.

1. Naha hidep mikanyaho Arab Pégon?
 - a. Henteu
 - b. Lumayan

- c. Nyaho
 - d. Nyaho pisan
2. Naha hidep bisa maca Arab Pégon?
 - a. Henteu
 - b. Lumayan
 - c. Bisa
 - d. Bisa pisan
 3. Naha hidep bisa nulis Arab Pégon?
 - a. Henteu
 - b. Lumayan
 - c. Bisa
 - d. Bisa pisan
 4. Naha hidep bisa nulis Al Qur'an/ tulisan Arab?
 - a. Henteu
 - b. Lumayan
 - c. Bisa
 - d. Bisa pisan
 5. Naha hidep bisa maca Al Qur'an?
 - a. Henteu
 - b. Lumayan
 - c. Bisa
 - d. Bisa pisan
 6. Naha hidep hayang diajar Arab Pégon?
 - a. Henteu
 - b. Lumayan
 - c. Hayang
 - d. Hayang pisan
 7. Naha hidep hayang diajar kitab/ naskah nu maké Arab Pégon?
 - a. Henteu
 - b. Lumayan
 - c. Hayang
 - d. Hayang pisan

8. Naha hidep satuju lamun kawijakan pamaréntah nu ngajadikeun Arab Pégon salaku salasahiji matéri pangajaran kurikulum husus di sakola?
 - a. Henteu
 - b. Lumayan
 - c. Satuju
 - d. Satuju pisan
9. Naha hidep ngarti lamun pangajaran di pondok pasantrén make Arab Pégon?
 - a. Henteu
 - b. Lumayan
 - c. Ngarti
 - d. Ngarti pisan
10. Alasan mana tulisan latén hidep jeung tulisan pégon anjeun?
 - a. Henteu
 - b. Lumayan
 - c. Alus
 - d. Alus pisan
11. Dina kagiatan pangajaran leuwih milih maké Arab Pégon atawa tulisan biasa?
 - a. Henteu
 - b. Lumayan
 - c. Maké
 - d. Maké pisan
12. Sabaraha jam hidep diajar Arab Pégon?
 - a. $\frac{1}{2}$
 - b. 1
 - c. 2
 - d. 3
13. Sabaraha poé sakali anjeun diajar Arab Pégon?
 - a. 1
 - b. 3
 - c. 5
 - d. 7

14. Iraha hidep mimiti nulis Arab Pégon?
- SD
 - SMP
 - SMA
 - Kuliah
15. Geus sabaraha bulan hidep diajar nulis Arab Pégon?
- 3
 - 6
 - sataun
 - +sataun

3.5 Téhnik Ngumpulkeun Data

Ngumpulkeun data mangrupa léngkah nu teu bisa dijauhan dina kagiatan panalungtikan ku cara nanaon, kaasup panalungtikan kualitatif. Dina panalungtikan kualitatif, data nu dikumpulkeun umumna wangun kecap-kecap, gambar-gambar jeung lolobana mangrupa angka-angka. Ayana angka-angka ogé sipatna rojongan hungkul. Data nu dimaksud mangrupa transkrip wawancara, cutatan lapangan, foto-foto, dokumén sorangan, nota jeung cutatan lianna (Danim, 2002, kc. 61).

a. Obsérvasi

Nurutkeun Hadi (1995, kc. 136), obsérvasi nyaéta cara ngumpulkeun data ku ningali atawa nyutat sistematis kana fénoména nu ditalungtik. Panalungtik ngalakukeun observasi di Pondok Pasantren Al Barokah. Panalungtik ngalakukeun wawancara jeung santri, pangurus santri, jeung pangurus pondok sarta nempokeun kagiatan santri di pondok jeung sistem pangajaran nu aya di pondok pasantren.

b. Wawancara

Wawancara mangrupa wangun komunikasi antara dua urang, patali jeung jalma nu hayang informasi ti batur ku cara ngajukeun patalékan-patalékan, dumasar tujuan nu tangtu (Mulyana, 2003, kc. 180).

Alat bantu wawancara nu disebut dina prakték panalungtikan aya dua, nyaéta pedoman wawancara jeung daftar patalékan. Pedoman wawancara salaku alat bantu

wawancara méré gurat badag atawa pokok-pokok masalah, henteu diayakeun patalékan sacara bérés. Panalungtikan ieu ngagunakeun pedoman wawancara (interview guide) mangrupa daftar pokok-pokok patalékan nu kudu kasawang ku nu ngawawancarana salila wawancara lumangsung.

Tujuan wawancara mangrupa pikeun meunangkeun informasi ngeunaan iraha mimiti iraha lokasi diwangun nepi ka aya ayeuna jeung sajarah nu ngakasangkutanganna, profil guru, kapamimpinan Pondok Pasantrén Al Barokah sarta rupa-rupa hal nu patali jeung masalah panalungtik.

1) Santri / Pangurus Pondok Pasantrén

Dina milih narasumber dilingkungan pondok pasantrén panalungtik milih santri jeung pangurusna.

2) Guru jeung Dewan Guru Pondok Pasantrén

Téhnik wawancara nu digunajeun dina ieu panalungtikan nya éta wawancara terstruktur. Jenis ieu wawancara ngutamakeun téhnik ngumpulkeun data ngagunakeun wawancara nu geus disusun sarta direcanakeun, ti mimiti,

1. milih jeung nangtukeun narasumber nu diwawancara;
2. waktu jeung tempat wawancara;
3. téma jeung inti topik nu bakal ditanyakeun;
4. susunan patalékan nu bakal ditanyakeun; jeung
5. perangkat sarta media nu digunakeun dina wawancara.

c. Studi kapustakaan

Studi kapustakaan nyaéta métode nu digunakeun ku cara diajar bahan-bahan tinulis pikeun miboga informasi di sagala sumber bacaan. Panalungtik ngagunakeun sababaraha référénsi mangrupa naskah / kitab konéng jeung kamekaran tulisan Pégon nu dipiboga tina sababaraha narasumber jeung ngagunakeun référénsi nu dipiboga ngaliwatan internet jeung buku.

3.6 Analisis Data

a. Réduksi Data

Mangrupa prosés pilihan, puseur perhatian dina nyederhanakeun, kaabsahan jeung transformasi data kotor nu aya dina cutatan-cutatan tulisan di lapangan.

b. Sajian Data

Sajian data dina métode kualitatif prinsip jeung prosésna induksi-interpretasi-konséptualisasi.

1. Induksi salaku léngkah mimiti nyaéta panalungtik ngumpulkeun jeung nyadiakeun data nu geus dimimitian ti panalungtik netepkeun fokus masalah jeung lokasi panalungtikan.
2. Interpretasi data maksudna nyaéta nalika panalungtik mimiti nyokot sacara bias “benang merah” nu beuki lila beuki jelas nepi ka panalungtik wani méré katerangan kana jejer “carita réspodén”.
3. Konséptualisasi maksudna nyaéta nalika réspodén jeung panalungtik méré patalékan singget (ngabstraksi) ngeunaan naon nu sabenerna dialaman ku réspodén sarta kahayang naon nu teu dipikanyaho tina patalékan réspodén.

c. Nyokot kacindekan

Dina panalungtikan kualitatif kecindekan bisa ngajawab rumusan masalah-masalah nu dirumuskeun ti mimiti. Nalika aya bukti-bukti nu valid jeung konsistén jadi kacindekana bakal krédibel. Dina ieu hal, data nu beunang tina réduksi data jeung sajian data ngaliwatan obsérvasi, dokuméntasi, jeung wawancara ngeunaan panalungtikan nu dilaksanakeun ku panalungtik, satuluyna nyaéta nyimpulkeun nepi ka geus ngajawab tina rumusan masalah nu aya.

Kacindekan dina panalungtikan kualitatif nyaéta ulikan anyar nu saméméhna can pernah, bisa mangrupa déskripsi atawa gambaran objék nu saméméhna can pernah ogé, ulikan bisa mangrupa déskripsi atawa gambaran objék nu saméméhna

can tangtu jelas jeung sanggeus ditalungtik bisa jadi jelas nepi ka bisa patali kausalitas atawa interaktif, hipotésis, atawa tiori.